

PERTEMUAN KE-2



NGIDENTIFIKASI TITIKAN
BASA LAN UNSUR BASA
TEKS LAPORAN ASIL
OBSERVASI

Titikan (Ciri-ciri) Basa Teks Laporan Asil Observasi:

- Isi teks kudu objektif
- Ditulis lelandhesan kasunyatan (fakta) nalika nindakake kagiyatan ngamati
- Isi teks ora ngemot bab-bab kang nyimpang saka kasunyatan
- Ngandhut makna kang lugas, apa anane utawa tegese wantah/sabenere,
- Nganggo tembung-tembung tertamtu (istilah-istilah khusus) selaras karo objek kang diteliti. Tuladhane yen ngrembug babagan lingkungan hidup ya ana tembung-tembung (istilah) kang mirunggan ing babagan lingkungan hidup.




I.
UNSUR BASA UKARA TANDUK
LAN UKARA TANGGAP




I. UKARA TANDUK

- × Ukara tanduk (kalimat aktif) yaiku ukara sing jejere nindakake pakaryan.
- × Tembung tanduk iku tembung kang oleh ater-ater anuswara (m-, n-, ng-, ny-)
- × Tuladha:
 1. Rini mbukaki bukuku → (m- + buka + -i)
 2. Reni nyapu latar → (ny- + sapu)




2. UKARA TANGGAP

- × Ukara tanggap (kalimat pasif) yaiku ukara sing jejjer (subjek) dikenani pakaryan.
- × Tembung tanggap iku tembung lingga kang oleh ater-ater tripurusa (dak, ko/kok, di)
- × Tuladha:
 1. Bukuku dibukaki rini → (di- + buka +-i)
 2. Rotiku kokpangan Sur. → (kok-+ pangan)



UKARA MITURUT ISINE



1. UKARA ANDHARAN

- × **Ukara andharan:** yaiku ukara sing isine kang ngabarake utawa ukara kang nyritakake bab/kedadean. Cirine ukara andharan yaiku dipungkasi kanthi waca titik (mandeg), mula macane kanthi intonasi/nganggo swara kang rata (datar) lan ora ana penekanan babar pisan .
- × **Tuladha (Contohnya):**
 - a. Mau bengi ana kebakaran ning omahe pak bejo.
 - b. bapak tindak dhateng kantor



2. UKARA PITAKON

- × **Ukara pitakon:** yaiku ukara kang isine nakokake bab tertentu. Cirine ukara pitakon yaiku dipungkasi tandha waca piatakon, mula pamacane kanthi intonasi takon.
- × **Tuladha (contohnya):**
 - a. Sampeyan mundhut napa?
 - b. Bapak dhahar apa?




3. UKARA PAKON

Ukara Pakon: yaiku ukara kang isine mrentah wong liya nindakake pakaryan tartampu manut apa sing dikarepake sing ngongkon. Cirine ukara pakon yaiku dipungkasi tandha waca seru, mula pamacane kanthi intonasi seru lan rada diteken.

Tuladha:

- a. Ngaliha!
- b. Sinau sing sregep!



4. UKARA PANGUWUH

- × **Ukara panguwuh:** yaiku ukara kang nggambarake rasa ora percaya, emosi sing kuat rasa gumun. Cirine ukara panguwuh yaiku diwiwiti kanthi tembung panguwuh. Tembung panguwuh yaiku : Wow, wadhuh, Hi, Hore, wah,dll.

- × **Tuladha:**


- a. Horee.. aku oleh biji satus !
- b. wow, apike montore !

5. UKARA SAMBAWA

- × **Ukara sambawa:** yaiku ukara kang isine awujud pangarep-arep, saumpama, utawa sanadyan. Ukara iki rancake migunakake tembung-tembung kang kawuwuhan panambang -a utawa -ana.

Tuladha:

- Panasa, ya klambiku ben garing.
- Udana sing deres ben tandhuranku subur.



6. UKARA PAMENGING

Ukara Pamenging: yaiku ukara kang isine menging / nglarang supaya ora ditindakake
Cirine : nggunakake tembung aja utawa ampun

Tuladha :

- a. rotine aja dipangan !
- b. aja lunga tengah wengi !



MATUR NUWUN

